# ПОЭТИКАЛЫҚ МЕТАФОРА ҲӘМ ОНЫҢ КЛАССИФИКАЦИЯСЫ

**Балтабаева Дельфуза Бахтияр қызы**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети 2-курс таяныш докторанты*
baltabaevadelfuza@gmail.com

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17703632

***Аннотация:*** *Бул мақалада метафора түсиниги ҳәм оның тилдеги көркем-естетикалық ўазыйпалары изертленеди. Метафоралар структуралық, семантикалық ҳәм стильлик өзгешеликлери, сондай-ақ, лингвистикалық ҳәм көркем коньтексте қолланылыўы бойынша талқыланады. Инглис ҳәм қарақалпақ тилши илимпазларының изертлеўлери тийкарында метафоралар топарларға ажыратылып, олардың образлы ҳәм емоционаллық-експрессивлик ўазыйпалары үйренилмекте. Мақалада метафораның түрлери, олардың классификациясы ҳәм көркем текстте тутқан орны ҳаққында илимий пикир жүргизиледи.*
***Таяныш сөзлер:*** *көркем әдебият тили, метафора, лингвистикалық метафора, көркем әдебият тилинде қолланылыўшы метафора, метафора элементлери, метафора түрлери.*

***Аннотация:*** *В данной статье исследуется понятие метафоры и её художественно-эстетические функции в языке. Метафоры анализируются с точки зрения структуры, семантических и стилистических особенностей, а также их использования в лингвистическом и художественном контексте. На основе исследований английских и каракалпакских лингвистов метафоры классифицируются на группы, изучаются их образные и эмоционально-экспрессивные функции. В статье научно рассматриваются типы метафор, их классификация и роль в художественном тексте.*
***Ключевые слова:*** *язык художественной литературы, метафора, лингвистическая метафора, художественная метафора, элементы метафоры, виды метафоры.*

***Abstract:*** *This article explores the concept of metaphor and its artistic and aesthetic functions in language. Metaphors are analyzed based on their structure, semantic, and stylistic features, with particular attention to their use in linguistic and literary contexts. Drawing on research by English and Karakalpak linguists, metaphors are classified into groups, and their figurative and emotional-expressive functions are examined. The article provides a scientific overview of the types of metaphors, their classification, and their role in literary texts.*
***Key words:*** *literary language, metaphor, linguistic metaphor, literary metaphor, elements of metaphor, classifications of metaphor.*

Ҳәзирги заманагөй тил илиминде метафораларды дүзилисине, стилистикалық хызметине, семантикалық өзгешеликлерине қарай ҳәр илимпаз ҳәр қыйлы түрлерге бөлип, өз көз-қараслары менен үйренген.

Тил билиминде метафораның классификациясы бойынша усы күнге шекем көплеген ҳәр қыйлы пикирлер болған. Бунын себеби, үйренилип атырған объектке илимпазлардың ҳәр түрли көз карасларының болыўы. Соған қарамастан, көпшилик тилши алымлар **лингвистикалық(тил)** ҳәм **көркем әдебият тилинде**

**қолланылыўшы метафоралар** деп үлкен еки топарға бөлип үйрениўди мақул көреди.

Бул екеўиниң уқсаслық тәрепи – екеўинде де еки предмет яки қубылыстың қандай да бир уқсаслық тәрепине тийкарланып, оның биреўине тийисли белгини аўыспалы мәниде екинши предмет пенен байланыстырып айтады [Сидякина Е.2020:9], ал олар стилистикалық, семантикалық ҳәм коммуникативлик жақтан бир-биринен парқ қылады. **Лингвистикалық метафоралар** – аўысқан мәниси туўры мәниске айланып кеткен, онда ҳешқандай экспрессия, образлы мәнис болмайды, және олар илимий ҳәм публицистикалық стиллерде байланыс қураллары сыпатында пайдаланылады. Ал, **сөйлеў метафоралары** – көркем шығармаларда қолланылыўшы, образлы, эмоционал-экспрессивлик мәниске ийе болған метафоралар. Олар көркем образ жаратыўға хызмет қылады ҳәм автордың ишки дүньясын, өзи жаратқан көркем шығармадағы образларға көз-қарасын билдиреди. Соның менен бирге, шығарма барысында автор өзиниң жеке стиллик метафораларын да жаратып, шығарма тилин байытып отырады. Жеке авторлық метафоралар өзиниң тәбийийлиги ҳәм жаңалығы менен ажыралып турады. Биз илимий жумысымыз барысында тийкарынан тилдеги метафораларды емес, ал көркем шығармалар тилинде қолланылыўшы метафораларды изертлеўди мақсет еткенбиз.

Метафора кең ҳәм қурамалы түсиник болғанлығы ушын да биз оны топарларға бөлип изертлеймиз. Усы тәризде жумыс алып барсақ, ҳәр бир метафораны өз алдына үйрениўде бир қанша қыйыншылықларды сапластырған боламыз.

Метафораны, тийкарынан көпшилигимиз поэтикалық фигура деп есаплаймыз, бирақ та ондағы экспрессивлик белгиниң қай дәрежеде екенлигине қарап төмендеги түрлерге ажыратамыз:

1. Экспрессия болмаған (өли-мортал, тиллик метафоралар) метафора-бунда тийкарынан, тек ғана атаў, қайтадан ат бериў процесси болып өтеди.
2. Экспрессия бар болған (тири-витал, поэтик метафоралар) метафорада ҳәм атаў, ҳәм баҳалаў процесси ҳәм эмоционаллық экспрессивлик мәнис басым болады[Мирзаева Д, Хожиева С.2023:8].

Америкалы алым Филип Уилрайт метафора қабыл қылыўшыға тәсир күшине қарай екиге бөледи: диафора ҳәм эпифора. **Диафора** – бул риторик усыл болып, гәптеги сөзлердиң қайта-қайта қолланылыўы, және де тыңлаўшыға сезилерли эмоциалық тәсир қалдырыўшы метафораның бир түри. Ал, **эпифора** болса, әпиўайы метафораның түри болып, онда ҳеш қандай эмоционал тәсир болмайды [Уилрайт Ф.1990:10].

Инглис алымы П.Ньюмарк метафораның 6 түрин анықлайды:

1. Өли (dead) метафора – баслық, айдың басы.
2. Пайдаланыўдан шығып қалған (clichè) – жасыл жол, өмир теңизи.
3. Улыўмалық (stock) – пикирлер ағымы, жүреги музлап кетти.
4. Масластырылған (adapted) – алтын әсир, Иран пердеси.
5. Кейин пайда болған (recent) – жасалма интеллект дүбелейи, кибер ҳүжим толқыны.
6. Тийкарғы (original) – Әжелине асығып арба жолда жататуғын жылан емеспен, балам [Ньюмарк П.1988:1].

Ю.И.Левин салыстырыўды әмелге асырыў усылына қарай ҳәм дүзилисине қарай метафораларды 3 түрге бөледи:

**Теңеў-метафора** – Көзлериң қараңғы түн сыяқлы, бирақ ишинде жулдызлар бар; **жумбақ-метафора** – Аўзы жоқ, ақ мешит(мәйек), **бир объектке басқа предметтиң қәсийетлерин билдириўши метафоралар** – зәҳәрли көринис [Левин Ю.1998:7].

Рус илимпазы В.Н.Телияның функционаллық классификациясына көре метафоралар: анықлаўшы(индикативлық), когнитив, образлы метафора болып бөлинеди. Бирақ, ең толық функционаллық классификациясы Н.Д.Арутюноваға тийисли: **номинатив** – столдың аяғы, помидордың мурты, **образлы** – Сен де азыўы мүжилген ғарры арыслансаң, **когнитив** – ўақыт-пул, ҳәм **улыўмаластырыўшы** – жаўызлықтың тамыры.

Көркем тексттиң тилин изертлеўдиң айрықша усылларын үйренген өзбек лингвисти М.Юлдошев метафораның еки түрин ажыратып көрсетеди: лингвистикалық метафора ҳәм жеке авторлық метафоралар [Йўлдошев М.2007:5]. Сондай-ақ, поэтикалық тилдиң лексикасын изертлеўши алым Б.Умарқулов та метафораны еки түрге: тил метафорасы ҳәм поэтикалық метафора деп бөлип көрсетеди [Умарқулов Б.1990:11].

Бүгинги күнде қарақалпақ лингвистлери де бул стиллик қурал үстинде изертлеўлер алып бармақта. Солардан, Е.Е.Алланазаров өзиниң «Қарақалпақ тилинде метафоралардың стиллик қолланылыўы» атлы кандидатлық диссертациясында көркем шығарманың тилин үйрениў барысында қарақалпақ тилинде метафоралардың стиллик қолланылыўын тийкарынан үш түрге ажыратады: бийтәреп стиллик лексикалық метафоралар, улыўма халықлық образлы экспрессивлик метафоралар ҳәм жеке стиллик метафоралар [Алланазаров Е.2002:2].

1.Бийтәреп стиллик метафоралар тийкарынан көркем шығарма тилинде көплеп ушырасады, бирақ та оларда ҳешқандай эмоционал-экспрессивлик мәни болмайды, сонлықтан да олар күнделикли турмысымызға масласып кеткен әпиўайы лексикалық сөзлердиң бирине айланып кеткен. Бул пикиримиздиң тастығы сыпатында рыс илимпазы А.Н.Гвоздевтиң төмендеги пикирлерин келтирмекшимиз: «Тил метафоралары кең тарқалған, бирақ олар өзлериниң метафораласқан мәнилерин жойтып, ҳәзирги дәўир ушын туўры мәни сыпатында уғынылып кеткен сөзлер менен теңлескен» [Гвоздев А.1955:3]. Бул пикирлердиң дәлили сыпатында көпшилик илимпазлардың усы сыяқлы метафораларды өли метафора («мертвые метафоры») деп атаўынан да билсек болады. Солай да, әпиўайы лексикалық бийтәреп метафоралар да қосымша экспрессивлик-эмоциаллық бояўлар болмаўына қарамастан, олар көркем шығармада шеберлик пенен пайдаланыўына қарап ең керекли лексикалық-семантикалық байлықлардан есапланады. Мысалы: жер бети, бас қалам.

2.Улыўма халықлық образлы экспрессивлик метафоралар өзлерине тән дүзилислик өзгешеликлерге ийе екенлиги ҳәм оны жай, кеңейтилген метафоралар тийкарында алып, олар қолланылған ўақытта көркем шығарманың тилине, ой-пикирине образлылық ҳәм эмоционал-экспрессивлик тән болатуғынлығы әҳмийетке ийе болады: нәзик кеўил, қалғығыш түн.

3. Жеке стиллик метафоралар – көркем сөз шебериниң жеке өзи тәрепинен дөрелген метафоралар. Яғный, жазыўшы ямаса шайырдың дөретиўшилик излениўлери, тапқырлығы менен усталығы есапқа алынады, онда шайырдың көркем сүўретлеўдеги оригиналлығы, новаторлығы, батырлығы сыяқлы поэтикалық сапалар қәлиплеседи деп атап өтеди Е.Е.Алланазаров өз мийнетинде. Мысалы: -«Аўылларымыз үстинен тоқшылық самалы есетуғын болды» [Қайыпбергенов Т.1979:14].

Е.Е.Алланазаров Т.Жумамуратовтың мийнетин үйрениў барысында метафораларды кең тәризде үйренип, оларды классификациялаў арқалы: әпиўайы ямаса жай метафора ҳәм кеңейтилген метафоралар деп еки түрге ажыратып, еле де тереңирек үйренеди ҳәм төмендегише анықлама береди: «Жай метафоралар дүзилиси бойынша бир ямаса еки ағзалы болады, олардың бири анықланыўшы, екиншиси анықлаўшы болып келеди, ал кеңейтилген метафора болса, метафоралардың дүзилисиндеги әпиўайы түрлерине қарағанда семантикалық-стилистикалық жақтан ҳәм көркем сөз шебериниң дөретиўшилик уқыплылығына, шеберлигине тән айырықшалықларды билдиретуғын қоспалы түри» [Алланазаров Е.2002:2].

«Еле беремен деп алдап қойыпты, - деди Никифоров. -Бизиң хожайын-әм теңгениң тотын жалаған көпес» [Қайыпбергенов Т.2019:13].

Бунда көринип турғанындай, көпес - анықланыўшы, ал теңгениң тотын жалаған - анықлаўшы сөзлер болып келген.

«Жаўқылдап жүретуғын ашық минез,
Булт болып, түнерипти, қабақ ашпай» [Жумамуратов Т.1973:12].

Бунда кеңейтилген метафора ашық минез (булт болып, түнерипти, қабақ ашпай) – бунда қыздың бир ғана минезин емес, бир қанша белгилерин сыпатлап көрсеткен.

Илимий әдебиятларда метафораның еки түри бар:

1. метафора – жанландырыў;
2. метафора – предметлестириў [Каримов О.2012:6]

Метафора – жанландырыў дегенде, барлық жансыз нәрсе-ҳәдийселерге инсанға тән болған қәсийетлерди көшириў нәзерде тутылады: жаўын шелеклейди, гәп балалайды, ал метафора-предметлестириўде болса, сыртқы дүньядағы нәрсе, ҳәдийселерге тән болған белгилер ишки дүньялық ҳәдийселерге манәўий-руўхый түсиниклерге көшириледи. Буннан метафора ишки ҳәм сыртқы дүньяны бир-бирине салыстырмалы үйрениў екенлиги белгили болады [Даниярова Г.2025:4]: сезимлери музлап қалыў, үмит шамшырағы жаныў.

Солай етип, метафора бул тилдиң көркем эстетикалық жақтан тийкарғы орын ийелеўши семантикалық қубылысы болып, оларды классификациялаўда алымлар өзлериниң ҳәр түрли вариантлары менен метафораларды бир неше түрлерге түрлейди. Оларды, тийкарынан, семантикалық, когнитив, дүзилислик, функционаллық келип шығыўы бойынша бир қанша топарларға ажыратады. Олар өз нәўбетинде шығарма тилиниң көркем, эмоционал-экспрессивлигин асырыўға өз үлесин қосады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Newmark P. A textbook of translation. New York: Prentice Hall, 1988
2. Алланазаров Е.Е. «Қарақалпақ тилинде метафоралардың стиллик қолланылыўы». Канд.дисс.
3. Гвоздев А.Н. Очерки по стилистике русского языка. М., 1955.
4. Даниярова Г. П. И.Юсупов поэзиясында символ ҳәм метафоралардың поэтикалық анализи. Филол.илим.бойынша философия докт. дисс. Нөкис. 2025.
5. Йўлдошев М. Бадиий матн ва унинг лингвопоэтик таҳлили асослари.- Тошкент: 2007.
6. Каримов О. Абдулла Орипов шеъриятида метафорик образлар тизими: Фил. фан. ном. … дисс. – Тошкент, 2012.
7. Левин Ю.И. Избранные труды. Поэтика. Семиотика. - Москва: Шк. «Языки рус. культуры», Кошелев, 1998.
8. Мирзаева Д, Хожиева С. Метафоранинг моҳияти ва турлари. Oriental Renaissance: Innovative, educational, natural, and social science.

9. Сидякина.Е.А. Кузема.Т.Б. Роль метафоры в художественном тексте (на материале произведения Дэниела Киза “Flowers for Algernon”) e-scio.ru, 2020.
10. Уилрайт Ф. Метафора и реальнось//Теория метафоры. Сборник, -Москва:Прогресс, 1990.
11. Умарқулов Б. Поэтик нутқ лексикасы. – Тошкент: 1990.
12. Жумамуратов Т. Мәкария сулыў. Нөкис. Қарақалпақстан. 1973.
13. Қайыпбергенов Т. Бахытсызлар.-Нөкис, 2019.
14. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Маман Бий Әпсанасы.-Нөкис, Қарақалпақстан. 1979.